




Prepare pou ane lekòl 2025-2026 la

Chè fanmi ak kòlèg,

Se moman sa a nan ane a ankò! Nou fini avèk pwogram fòmasyon Summer Rising nou an, pwofèsè pral ranje salklas yo nan yon ti tan ankò, epi 4 septanm lekòl nou yo ap plen avèk elèv ki pare pou aprann.

Yo pral ranfòse kèk pwogrè enkwayab -- nan egzamen Eta Nouyòk 2025 lan, kote to pèfòmans ogmante nan pousantaj pwen 3.5 nan matematik ak pousantaj pwen 7.2 nan lekti! Mwen fyè anpil pou tout kominote NYCPS la—edikatè, fanmi ak elèv—ki te aplike NYC Reads, NYC Solves ak tout lòt inisyativ akademik ki mennen nou nan rezilta sa yo.

Pandan yon nouvo ane lekòl ap kòmanse, nou pare pou yon lòt ane aprantisaj, pwogrè ak dekouvet. Fanmi, mem kèk rapèl enpòtan pandan n ap prepare pou retounen lekòl 4 septanm lan:

- Nouvo lwa eta a sou telefòn selilè ap efektiv ane lekòl sa a. Pou plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/DevicePolicy.
- Asire w lekòl pitit ou a ka kontakte w—konekte sou kont ou [NYC Schools Account](#) (NYCSA) pou mete enfòmasyon pou kontakte w ajou.

- Konprann opsyon ak elijiblite pitit ou a pou mwayen transpò. Ale sou schools.nyc.gov/Transportation pou plis detay.
- Asire pitit ou a ajou pou tout [vaksen](#) ki obligatwa yo. Si pitit ou a ap kòmanse lekòl oswa gadri pou premye fwa, l ap bezwen yon [egzamen fizik](#) nan men yon founisè swen sante.
- Gade [kalandriye 2025-2026](#) la ann antye pou make dat ak aktivite enpòtan yo.

Pou plis enfòmasyon ak yon lis bagay pou fè pou ouvèti lekòl, ale sou schools.nyc.gov/BackToSchool. Ou ka tou kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid; ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte yo avèk zouti Jwenn yon lekòl "[Find a School](#)".

Mwen pa ka tann pou mwen wè nou tout epi selebre premye pami anpil lòt jou ekstraòdinè nan ane lekòl 2025-2026 la!

Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos
Chanselye

Atansyon espesyal Chanselye a:

Pandan mwa jiyè ak out sa a, lokal Summer Rising nan River East Elementary nan East Harlem te plen avèk motivasyon ak aprantisaj. Gras avèk patenarya nou avèk divès òganizasyon kominotè, elèv te patisipe nan aktivite soti nan natasyon rive nan dans—aktivite ke Fernando, yon elèv Summer Rising, konsidere kòm pi gwo moman ete a. Li te twouve pwogram akademik yo enteresan tou, lè li di, "pwofesè mwen an te fè aprantisaj la amizan."

Nonmen yon moun oswa yon pwogram pou Atansyon espesyal Chanselye a [la a](#).

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Nouvèl ak resous NYCPS:

- Li konsènan [rezilta egzamen Eta 2025](#) enteresan nou yo sou [The Morning Bell!](#)
- Pou jwenn nouvèl ak resous, suiv NYCPS sou entènèt nan [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [YouTube](#).
- Men [videyo](#) Majistra Eric Adams pou semèn lan. Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl sa a ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).